Gid paran ak Fanmi sou prensip pou Elèv swiv nan Medya Sosyal
Timoun ki gen laj 13 lane pou pi ti

#NYCSCHOOLSTECH

Tabmatyè

Kreye imaj dijital ou vle a 2

Afich rezonab sou entènèt – Sonje piblik k ap gade afich yo.....3

Konsidere Konsekans Aksyon w yo sou entènèt.....4

Pran menas Cyberbullying yo oserye.....5

Jodi a manm fanmi yo gen yon nouvo wòl: ede pitit yo byen konpòte yo ak responsablite lè y ap itilize medya sosyal, kèlkeswa pou distraksyon oswa pou aprantisaj. Gid sa a fèt pou ede w fè sa. Tou dènyèman, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) travay avèk anseyan nou yo, bibliyotekè, ak elèv, epi yo kolabore avèk Common Sense Media <https://www.commonsensemedia.org/> pou mete anplas rekòmandasyon pou elèv laj 13 laj lane pou pi piti pou itilize medya sosyal kòrèkteman. Prensip sa yo konsantre sou kat domèn: imaj dijital, afichaj ki responsab, konsiderasyon konsekans ak entimidasyon sou entèt *cyberbullying*. Yo reprezante enfografi pou chak nan domèn yo, epi se elèv ak anseyan NYCDOE ki kreye yo pou elèv ak anseyan itilize, ke w ta ka vle pataje tou avèk pitit ou. Ou ka jwenn prensip yo ak enfofrafi yo sou sit wèb nou a nan schools.nyc.gov/SocialMedia.

Kreye imaj dijital ou vle

Pou kontwole pwòp imaj dijital yo, jenn moun dwe konsidere jan yo vle lemonn idantifye yo. Paegzanp adapte objektif endividyèl yo avèk imaj yo sou entènèt, kote yo pwouve pwòp mo yo, epi konprann ke fanmiy ka reprezante kolaboratè itil. Aktivite sa yo fèt pou ede w travay avèk pitit ou pou kreye yon anprent dijital responsab e presi.

Aktivite fanmi	Poukisa sa ede
Egzèsis pou gran tit: Si pitit ou a te reprezante sijè yon atik jounal, ki tit ou ta renmen wè avèk atik sa a ? Ekri gran Tit la. Diskite tou Tit kisa ou ta ka chwazi kòm tit pou zanmi, moun nan fanmiy ou ak pou selebrite. Ou ka gade tou videyo a sou sit wèb http://tinyurl.com/TheOneSentenceProjectVideo pou tande kòman lòt elèv reponn kesyon sa a. Revize kalite foto ak afich ke oumenm ak pitit ou genyen nan espas ou genyen kounye a sou entènèt. Èske yo adapte avèk tit nou toude ta renmen wè ? Si w nou pa renmen l, kouman lòt bagay nou afiche alavni ka pran sa ankonsiderasyon ?	Sa prepare sèn lan epi li ede konvèsasyon an mache.
Evalyasyon Anprent dijital pye : Fè diferan manm nan fanmiy la pran ti tès sa a : https://www.surveygizmo.com/s3/2245969/Digital-Footprint-Quiz epi konpare rezilta yo.	Manm nan fanmiy lan ka wè bagay ki menm ak bagay ki diferan onivo enpresyon chak bagay sa yo ka bay moun k ap wè yo sou entènèt. Sa anjandre yon diskisyon sou sa yo ka fè pou amelyore pwofil yo sou entènèt,
Imajine moun nan asistans ou : Raple pitit ou ke anpil moun se petèt moun nan asistans ou pou imaj ou a sou entènèt. Sa w ta renmen pwofesè l wè ? E sa w ta renmen fonksyonè Biwo pou Admisyon an wè ? Oswa yon anplwaye ? Epitou sa w ta renmen yon moun li ta gen yon randevou pou l ka konsidere l petèt kòm menaj li alavni. Diskite sa li ka fè pou ajiste apèsi li bay sou pèsonalite l ak amelyore enpresyon l ap bay moun li gen pou rankontre a.	Mete pitit ou yon jan pou l gen kontwòl sou imaj dijital li.
Revize pwòp pwofil ou Ou ka pran mezi pou amelyore anprent dijital ou oswa pou ede pitit ou amelyore anprent dijital pa l. Kèk jan pou kòmanse se kreye senpleman pwofil nan sit wèb tankou Google(https://profiles.google.com), About.Me (https://about.me/), ak Flavors.Me (http://flavors.me). Gade pwofil lòt elèv epi diskite sa w renmen ak sa ou pa renmen. Konsidere si gen okenn bagay ke pitit ou a ta renmen efase oswa untag pou l endike pi byen mesaj li vle prezante.	Bay yon opòtinite pou manm nan fanmiy lan chita yonn akote lòt pou travay ou kontwole idantite yo sou entènèt.

Lòt Resous

"Common Sense on Privacy and Digital Footprints." *Family Tip Sheet*. Common Sense Media, 2012. Web. 10 Mar. 2014. <http://www.commonsensemedia.org/sites/default/files/9-12-familytip-privacyanddigitalfootprints.pdf>

Afich rezonab sou entènèt – Sonje piblik k ap gade afich yo

Ou jwe yon wòl enpòtan pou garanti pitit ou afiche bagay rezonab sou entènèt. Règleman sou Sekirite ak itilizasyon akseptab pou Entènèt Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) (http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/InternetAcceptableUse) raple paran ke yo gen responsablite anseye pitit yo prensip patikilye fanmiy yo. Ou ka ede pitit ou afiche ransèyman yon jan ki reprezante pi byen prensip ou vle moun rekonèt fanmiy ou genyen.

Aktivite fanmi	Poukisa sa ede
Kreye yon yon Kont ansanm : Dèke pitit ou vin ase gran pou kreye yon kont (anjeneral, 13 ane), ou dwe mete anplas kont medya sosyal epi revize ansanm done konfidansyalite yo pa defo. Fè sèten pitit ou fè zanmi epi pale sèlman avèk moun ou konnen epi ke w dakò pou l ankontak.	Ou ka wè pwosesis sa nan ekspresyon zye pitit ou epi li ka wè enterè w toutbonvre nan siksè l ak sekirite l sou entènèt.
Itilize evènman aktyèl Evènman nan nouvèl, sitiyasyon avèk zanmi ak fanmiy ofri bonjan opòtinite pou diskite bon sans bagay pou afiche sou entènèt. Lè kèk istwa fèk parèt nan nouvèl, diskite avèk pitit ou sou jan nou ta ka konfwonte sitiyasyon an. Pa konsantre sèlman sou sa nou pa ta fè. Li enpòtan tou pou idantifye egzanp moun ki itilize medya sosyal pou byen sosyal, yon bèl prezans sou entènèt, oswa tout lòt rezilta pozitif.	Fè pou konvèsasyon w avèk li otantik osijè evènman aktyèl. Li bay yon repons tou pare pou kesyon, "Poukisa nou bezwen konnen sa ?"

Lòt Resous

"Family Tip Sheet: Common Sense on Boys, Girls, and Media Messages, Middle & High School." *Digital Literacy and Citizenship in a Connected Culture.* Common Sense Media, 2012. Web. 8 March 2014. <http://www.commonsensemedia.org/sites/default/files/6-12-familytip-boysgirlsmediamessages.pdf>

"Kids and Socializing Online." *Consumer Information: Privacy & Identity.* Federal Trade Commission. September 2011. Web. 8 March 2014. <http://www.consumer.ftc.gov/articles/0012-kids-and-socializing-online>

"Kids and Socializing Online." *OnGuardOnline.gov*. The Federal Trade Commission. September 2011. Web. 8 March 2014. <http://www.onguardonline.gov/articles/0012-kids-and-socializing-online>

Konsidere Konsekans Aksyon w yo sou entènèt

Li enpòtan pou elèv panse osijè konsekans aksyon yo sou entènèt epi pou yo fè atansyon osijè moun y ap chwazi kòm zanmi, followers, elatriye. Elèv pa toujou reyalize ke sa y ap fè andeyò lekòl ka gen konsekans pou yo nan lekòl la, epi sa espesyalman vre sou entènèt.

Aktivite fanmi	Poukisa sa ede
Pa afiche Enfòmasyon pèsonèl konfidansyèl : Eksplike pitit ou poukisa li pa bon pou l afiche adrès, dat nesans, oswa lòt enfòmasyon pèsonèl epi kisa vòl idantite reprezante. Itilize egzanp reyèl si w konnen.	Kreye règ pou aksyon presi epi konsantre sou enpòtans ki genyen pou pa bay enfòmasyon.
kenbe enfòmasyon yo sekrè Pale avèk pitit ou pou l pa bay zanmi l yo modpas, epi fè sèten nou toude konnen kouman pou anpeche konpitè ou pataje avèk lòt moun otomatikman konsève modpas. (Paegzanp, toujou *log off* lè l fin itilize yon sit - pa jis *click out browser* a.) Fè pitit ou konnen ke nou ka fè nou chak pran responsablite pou aksyon yon lòt moun lè moun sa itilize kont entènèt ou pou afiche enfòmasyon oswa fè acha.	Abòde diskisyon an osijè enpòtans pou moun pwoteje tèt yo, e nan anviwònman reyèl e nan anviwònman dijital.
Avi paran Lekòl avize paran yo chak ane konsènan aktite nan medya sosyal nan lekòl oswa nan klas. Si yo pa te pale osijè okenn bagay sa yo, pale avèk pwofesè pitit ou, epi avèk pitit ou a, konsènan tip medya sosyal ki nan travay salklas li. Diskite itilizasyon medya sosyal nan lekòl la avèk pitit ou a menm jan ou ta pale osijè lòt travay klas li.	Kenbe w toujou okouran sa k ap pase nan lekòl pitit ou pou w ka pran aksyon pou sipòte ak gide jan l ap itilize medya sosyal.
Kontwole Konpòtman Pitit ou sou entènèt Ou ka vle reprezante "zanmi" oswa "follower" pitit ou. Kèk fanmiy konsève yon kopi itilizatè ak modpas pitit yo sou entènèt ; lòt fanmiy gen yon zòn kote yo konsève tout modpas fanmiy pou lè gen yon ijans. Fikse règ pou sa ki reprezante konpòtman akseptal pou fanmiy ou epi diskite osijè Pwosedi pou elèv swiv nan medya sosyal lakay ou. Ou ka vle tou achte lojisyèl filtre oswa tabli yon pwogram pou kontwole jan l itilize konpitè ak selilè.	Ede w rete konsyan sa k ap pase sou entènèt. Li ede pitit ou yo konnen paran yo la pou sipòte yo lè y ap itilize medya sosyal an sekirite yon fason rezonab.

Lòt Resous

"Avoid Scams." *OnGuardOnline.gov*. The Federal Trade Commission. n.d. Web. 10 March 2014. <http://www.onguardonline.gov/articles/0001-avoiding-online-scams>

Bazelon, Emily. "Don't Stalk Your Kid Online." *Slate Magazine*. N.p., 14 Feb. 2014. Web. 20 Mar. 2014. <http://www.slate.com/articles/technology/future_tense/2014/02/it_s_complicated_an_interview_with_danah_boyd_about_teens_and_technology.html>

"Be Smart Online." *OnGuardOnline.gov*. The Federal Trade Commission. n.d. Web. 10 March 2014. <http://www.onguardonline.gov/topics/be-smart-online>.

"Understanding Social Media: Encouraging Responsible Digital Citizenship and Social Media Use." *NYC Department of Education: Rules and Policies*. NYC Department of Education, Division of Family and Community Engagement. n.d. Web. 10 March 2014.

Pran menas Cyberbullying yo oserye

Cyberbullying se lè yo itilize teknoloji elektwonik pou fè lòt moun mal oswa pou arase yo. Egzanp *Cyberbullying* se ekri oswa fè sikile tèks mesaj oswa imèl pou vekse moun, afiche sou entènèt bagay ki pa vre, foto anbarasan, oswa bay koutlang. Rekòmandasyon bay elèv sigjesyon konsènan sa pou yo fè lè yo vize yon moun yo konnen, oswa si se yo menm ke yo vize.

Aktivite fanmi	Poukisa sa ede
Aprann konnen non zanmi pitit ou a nan lekòl li **Aprann konnen non zanmi pitit ou a ak aktivite yo fè ansanm.** Si w sispèk pitit ou a ap fè *cyberbullying* oswa si l viktim *cyberbullying*, ou ka vle rapòte sa ba konseye pedagojik lekòl pitit ou a, lyezon Respè pou tout moun, oswa yon lòt manm nan estaf lekòl la ke w fè konfyans.	Ede fanmiy yo rekonèt pèsonalite ak sitiyasyon ki ka tounen pwoblèm.
Rete okouran Konpòtman pitit ou lakay ou Gade bye si konpòtman pitit ou chanje briskeman. Men kèk siy cyberbulling(ni pou timoun ki viktim ni pou timoun k ap fè l): li pa patisipe nan aktivite y ap fè chak jou, li trouble lè l sou entènèt oswa lè l ap gade tèks, byen vit fèmen aplikasyon sou entènèt la lè yon adilt ap pase bò kote l, oswa evite diskisyon konsènan sa l ap fè nan konpitè a.	Ede manm fanmiy detekte *cyberbullying* epi entèvni anvan l pran twòp ekstansyon.
Konnen sa pou w fè si pitit ou a se *Bully* a : Si w sispèk pitit ou a ap *bully* yon moun, li enpòtan pou w konprann sitiyasyon an. Eseye detèmine pwoblèm ki alabaz sitiyasyon an epi tabli yon plan avèk pitit ou pou konsidere ak korije konpòtman an. Lyezon oswa konseye pedagojik lekòl pitit ou ye a pou Respè pou tout moun ka ede w avèk sitiyasyon sa a.	Fanmiy pa bezwen konfwonte sitiyasyon sa yo pou kont yo. NYCDOE gen pwofesyonèl ak resous pou sipòte w.
Kòmanse Konvèsasyon an Akò onivo medya pou fanmiy *Family media agreements* ap ede w gen yon diskisyon sou jan pou w pran responsabilité w sou entènèt. Ou ka jwenn fòm pou akò sa yo sou entènèt : http://www.commonsensemedia.org/educators/parent-media-education/family-media-agreements	Lè fikse konpòtman w ap atann pou pitit ou genyen epi lè fikse limit, ou fè pou konvèsasyon sou sijè a alavni vin pi fasil.
Ankouraje pitit ou a di sa l panse Lè pitit ou rekonèt ke yo pa trete kòmsadwa yon moun li konnen, ankouraje l sipòte viktim lan, kit li di viktim lan anprive ke li pa kontan wè sa l ap konfwonte kit li deklare sa pou tout moun tande. Eseye jwenn egzanp sa nan vi w oswa nan medya a epi diskite avèk pitit ou konsènan plizyè jan li ka konsidere sitiyasyon an.	Montre l ke gen altènatif pou anmèdman *bullying*. Deklare w ou kont abi ka bay pitit ou konfyans nan tèt li ak ranfòse byenveyans li anvè lòt moun.
Endike bagay pozitif lòt Jenn fè Ankouraje pitit ou rete pozitif nan kominote sou entènèt. Montre egzanp lòt moun ki patisipe jan sa a, tankou elèv ki fè pati sit wèb sa a http://stuvoice.org/. Diskite avèk pitit ou plizyè jan li ka ede bagay nan lavi ret pozitif.	Ede w montre pitit ou jan yo ka itilize medya sosyal yon fason pozitif.

Lòt Resous

"Cyberbullying." *U.S. Department of Health & Human Services*. n.d. Web. 19 Mar. 2014. <http://www.stopbullying.gov/cyberbullying/index.html>

"Family Tip Sheet: Common Sense on Cyberbullying." *Digital Literacy and Citizenship in a Connected Culture*. Common Sense Media, n.d. Web. 21 Mar. 2014. <http://www.commonsensemedia.org/sites/default/files/uploads/pdfs/6-12-familytip-cyberbullying.pdf>

Hinduja, Sameer, Ph.D., and Justin W. "Cyberbullying Warning Signs: Red flags that your child is involved in cyberbullying." *Cyberbullying Research Center.* 2009. Web. 21 Mar. 2014. <http://cyberbullying.org/cyberbullying-warning-signs/>

"Respect for All." *New York City Department of Education*. n.d. Web. 21 Mar. 2014. <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/RespectforAll/default.htm>

"Tip Sheet: Technology and Youth: Protecting Your Child from Electronic Aggression." *Center for Disease Control and Prevention*. n.d. Web. 21 Mar. 2014. <http://www.cdc.gov/violenceprevention/pdf/ea-tipsheet-a.pdf>

"What to Do If Your Child Exhibits Bullying Behavior." *Anti-Defamation League*. 2012. Web. 21 Mar. 2014. <http://www.adl.org/assets/pdf/education-outreach/What-to-Do-if-Your-Child-Exhibits-Bullying-Behavior.pdf>